O’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI AWIL HA’M SUW XOJALIG’I MINISTRLIGI

TASHKENT AGRAR UNIVERSITETI NO’KIS FILIALI

«Agronomiya ha’m AXM» FAKULTETININ‘

« Jer o'lshew ha'm jer kadastri »

ta’lim bag’darinin’ 1-kurs

Informatika ha’m informatsiyaliq texnologiylari pa’ninen

« Internetten mag’liwmatlar aliw» temasina jazilg’an

# KURS JUMISI

Orinlag’an: Azamat Pirniyazov

Qabillag’an: Tazagul Paxratdinova

NO’KIS-2015

## *Mazmuni:*

I. Kirisiw……………………………………………….2

II. Tiykarg’i bo’lim…………………………………….3.

1. Internet o`zi ne?……………………………………3

2. Internette jumıs islewdi neden baslaw kerek…..7

3. Internet tarmag`ı menen paydalanıwshı ortasındag`ı dialog usılları……………………….8

4. Protokollar, paydalanıwshılar ha`m serverler…10

5. INTERNET EXPLORER menen islew………….14

III. Juwmaqlaw………………………………………23

IV. Paydalang’an ’debiyatlar……………………….24

## *Kirisiw*

Internet o`zi ne? Internet - du`n`ya ju`zlik komp`yuter tarmaqlarının` jıyındısı. Internet ko`p g`ana imkaniyatlarg`a iye. Internet imkaniyatları menen tolıg`ıraq tanısıw maqsetinde onın` tariyxına sayaxat etemiz.

1960 jılları Karib mashqalasınan son`, AQSh tın` ilimiy oraylarınan biri bolg`an RAND CORPORATION ka`rxanası, birinshi ma`rte pu`tkil ma`mleketti qamırap alatug`ın oraylaspag`an komp`yuter tarmag`ın jaratıwdı usınıs etti. Bul isti a`melge asırıwdan maqset a`skeriy bo`limler, ilimiy ha`m oqıw orayları komp`yuterlerin bir tarmaqqa birlestirip, basqarıwdı oraylastırıw edi. Maqset yadro quralı hu`jiminde de tarmaqtın bir bo`limi isten shıqqanda da islew mu`mkinshiligin saqlap qalatug`ın sistemanı jaratıw edi. Bunday sistemanı tarmaqlar sanı ko`p bolg`anda g`ana a`melge asırsa boladı. Solay etip, Internetke tiykar salındı.

1964 jılı to`rt tarmaqtan ibarat AQSh tın` en` abıraylı tekseriw institutlarında jaylasqan ARPANET (ADVENCED RESEARCH PROJECT AGENCY NETWORK) tarmag`ı do`retildi. Da`slep alımlardın` izertlew jumıslarında paydalanılg`an bul tarmaq, keyin ala olardın` o`sek aytatug`ın komp`yuterlesken shınjırına aylandı. Biraq bunday tarmaq jaratıwdın` o`zi u`lken jetiskenlik edi. 1970 jılları tarmaq bir qansha ken`eydi.

Endi tarmaqtın` du`zilisi og`an qa`legen komp`yuterdi jalg`aw imkaniyatın berdi. Keyinirek 1974 jılda tarmaqlardı birlestiriwshi TCP/IP (TRANSMISSION CONTROL PROTOCOL/INTERNET PROTOCOL) protokolı du`zildi ha`m tarmaqtın` rawajlanıwına tu`rtki boldı. Sebebi tarmaqqa qa`legen komp`yuterdi jalg`aw imkaniyatı payda boldı. 1983 jılda ARPANET INTERNET dep atala basladı ha`m ol ju`da` ku`shli, bir-biri menen baylanısqan komp`yuterler ha`m tarmaqlar toplamınan ibarat sistemag`a aylandı.

1980 jılları INTERNET tin` keskin o`siw da`wiri boldı. Komp`yuterlerdin` oraylaspag`an basqarıw tarmag`ı menen baylanıs sitemasi pu`tkil du`n`yag`a tarqalg`an ha`m shet el birlespeleri AQSh tarmag`ına baylanısıwg`a qayıl boldı. INTERNET tin` pu`tkil du`n`yag`a taralıwı to`mendegi tarmaqlardın` qosılıwının` esabınan boldı:

- EUNET - Evropadag`ı UNIX mashinaları tarmag`ı (1982 jıl);
- EARN - Evropa oqıw ha`m ilimiy tekseriw oraylarının` tarmag`ı (1983 jıl);
- JUNET - Yaponiyadag`ı UNIX mashinalarının` tarmag`ı (1984 jıl);
- JANET - Ullı Britaniyanın` birlesken akademik tarmag`ı (1984 jıl).

1980 jıllar dawamında AQSh tın` en` tanılg`an karxanaları NSG`NET Prinston, Pittsburg, Kaliforniyanın` Santa-Barbara universiteti ha`m Kornell universitetinde bes superkomp`yuter oraylari du`zildi. Bul bes oraydı AQSh ta «INTERNET BACKBONE» (Internet tiykarı) dep ataydı. NSG`NET 56 kbit/s tezlikte informatsiya uzata alıw mu`mkinshiligine iye edi.

Eki jıl ishinde INTERNET tin` ken`eyiwi ha`m og`an bolg`an talaptın` o`siwi, 1988 jılı 1,544 mbit/s asıwına sebepshi boldı. 1987 jılı INTERNET ke jalg`ang`an komp`yuterler sanı 10000 bolsa, 1989 jılı 100000 ga jetti.

90 jıllarıINTERNETte xızmet tarmaqları payda etilgen da`wir boldı. 1990 jılı Bill Xilan, Elan Emtidj ha`m Piter Deych ARCHIE programmasın islep shıqtı. 1991 jılı NSG`NET tarmag`ı jetilistirildi ha`m uzatıw tezligi 44,736 mbit/s ge jetti. Sol jılı Bryuster Kaale WAIS programmasın du`zdi, Minnesota universitetinde Pol Lindner ha`m mark Mak-Kayl ta`repinen GOPHER programması du`zildi. Bul waqıyalardan keyin 1992 jılı Nevada shtatı universitetinde jaratılg`an VERONICA sisteması iske tu`sirildi. Sol sebepli 1992 jılı tarmaqtag`ı komp`yuterler sanı millionnan asıp ketti.

INTERNET tin` 1990 jıllardag`ı rawajlanıwına tiykarg`ı sebep WORLD WIDE WEB tin` (Pu`tkil Du`n`ya Tarmag`ı) du`ziliwi boldı. 1990 jılı noyabr`de Evropa atomdı tekseriw orayı (SERN) ag`zası Tim Berns - Li WWW tarmag`ının` birinshi nusqasın jarattı, lekin ol 1993 jılg`a shekem iske tu`sirilmedi. 1993 fevral`da NCSA (NATIONAL CENTER G`OR SUPERCOMPUTER APPLICATIONS, Superkomp`yuterli Esaplaw milliy Orayı) MOSAIC programmasının` al`fa versiyasın du`zdi. 1993 jılı sentyabr`de birinshi islewshi MOSAIC versiyası islep shıg`ıldı ha`m informatsiya ag`ımı WWW boyınsha 1% ti payda etti. 1993 jılı oktyabr`de 200 WWW server iske tu`sirildi.

Keyingi jılları INTERNET ha`m WWW din` rawajlanıwı ja`ne de tezirek o`sti. WWW serveri ha`m

tarmaqtag`ı komp`yuterlerdin` anıq sanın aytıw qıyın, sebebi ol ha`m ha`rku`ni o`zgerip turadı. Ortasha INTERNET tegi komp`yuterler sanı 1995 jılı iyunına 6.5 million dep esaplang`an ha`m komp`yuterlardin` ko`pshiligi AQSh ta jaylasqan.

INTERNET tin` keskin rawajlanıwı ha`m WWW boylap sayaxatlardın` ken` tarqalıwı sog`an alıp keldi, olardı bir qıylı dep tu`sine basladı.

Kelin`, aldın sonı sheship alayıq - INTERNET ha`m Pu`tkil du`n`ya tarmag`ı birdey emes. INTERNET bul du`n`ya ju`zlik komp`yuterler tarmaqlarının` toplamın belgileydi. INTERNET ha`r tu`rli komp`yuter xızmetlerin ko`rsetedi. Bul elektron pochta, USENET telekonferentsiyaları, G`TP mag`lıwmat fayllarын uzatıw sisteması, TELNET uzaqtan terminalg`a kiriw sisteması, GOPHER sisteması ha`m Pu`tkil Du`n`ya tarmag`ı - WWW INTERNET tin` tek g`ana bir bo`limi. Lekin ol ju`da` tez rawajlanbaqta.

WEB tin` tiykarg`ı rawajlanıw basqıshlarınan biri 1993 jılda shıg`arılg`an MOSAIC G`OR WINDOWS brauzer programmasına tuwrı keledi. Ekinshi a`wlad programması NETSCAPE brauzeri bazarında MOSAIC G`OR WINDOWS den keyin da`rhal payda boldı. MOSAIC G`OR WINDOWS WORLD WIDE WEB du`n`yası esigin paydalanıwshılarg`a biraz ashıp bergen bolsa, NETSCAPE

o`zinin` funktsional imkaniyatları menen bul esikti millionlag`an paydalanıwshılarg`a ashıp jiberdi.

WWW - INTERNET tin` en` ko`p tarqalg`an xızmet tu`ri. Og`an baylanısıw ushın komp`yuter ha`m modem jeterli. Sonın` ushın pu`tkil du`n`ya tarmag`ı pu`tkil a`lem informatsiyalar jıynag`ı - kitapxanag`a aylanıp qaldı ha`m du`n`yag`a jayıldı. WWW de informatsiyalar betlerde jaylastı. WWW betleri sanı son`g`ı u`sh jılda ju`z millonnan asıp ketti. Bul betlerdin` iyesi kim? Olar iri korporatsiyalar yamasa kishi karxanalar, universitet ha`m mektepler, mekemeler, jurnal ha`m gazetalar yamasa a`piwayı adamlar. Bul betlerde tu`rli mag`lıwmatlar jaylasadı. Ha`zirgi ku`nde WWW informatsiya alıwdın` ha`m tarqatıwdın` en` qolay usılı.

Demek, Internet bul komp`yuter tarmaqları jıynag`ı bolıp, onın` to`mendegishe imkaniyatları bar:

- Informatsiyanı oqıw ha`m tarqatıw.
- Mag`lıwmattı atına qarap tez tabıw.
- Mag`lıwmat nusqasın ko`shirip alıw.
- Xat almasıw.
- Telekonferentsiyalarda qatnasıw.
- Diskussiyalar alıp barıw.
- Dialog jasaw.

**Internette jumıs islewdi neden baslaw kerek.** Aldın-ala Internet penen islew ushın arnawlı programmag`a iye bolg`an mul`timedia, komp`yuter ha`m komp`yuterlerdi

baylanıstırıwshı modem bolıwı sha`rt. Modem telefon tarmag`ı arqalı Server menen baylanısadı.

Server a`dette Internet-Provayderlerde jaylasqan boladı. Internet-provayder bul Internet tarmag`ının` territoriyalıq wa`kili bolap esaplanadı. Ol sizin` Internet penen islewin`izdi ta`miyinleydi: Internettin` islewin ta`miyinleydi, Internet penen baylannıstıradı. Internetke iye bolıw ushın Internet-provayderge xabarlasıw kerek.

Na`tiyjede Internet komp`yuterin`izge ornatıldı. Jumısshı stolın`ızda Baylanısıw belgisi payda boladı. Mısh` knopkasın onda basıwın`ız benen Internetke baylanısasız.

Tiykarg`ı serverge territoriyalıq tarmaqlar ornatılg`an, olar lokal` tarmaqlar menen o`z-ara baylanısta boldı.

Internette islewdi neden baslaw kerek? Aldın-ala internet penen baylanısıwın`ız ha`m INTERNET EXPLORER programmasın iske tu`sirip, Sizdi qızıqtırg`an mag`lıwmatlardı tabıwın`ız mu`mkin.

**Internet tarmag`ı menen paydalanıwshı ortasındag`ı dialog usılları.** Internetke baylanısıwdın` bir neshe tu`rleri bar. Olar ko`p g`ana imkaniyatları ha`m tezliginin` joqarılawı menen narqı asadı. Olardın` narqın kemeyiwi ta`rtibinde keltiremiz:

- Tuwrıdan-tuwrı kiriw (vıdelennaya liniya);
- SLIP ha`m PPP ja`rdeminde;

- «Shaqırıw» ja`rdeminde baylanısıw (DIAL-UP ACCESS, DIAL-UP);
- UUCP ja`rdeminde;
- Basqa tarmaqlar arqalı kiriw.

**Tuwrıdan-tuwrı baylanısıw.** Ol sizge tarmaqtın` ha`mme imkaniyatların`ızdan tolıq paydalanıw imkaniyatın beredi. Provayder sizge o`z-aldın`ızg`a telefon tarmag`ın ajırıtadı ha`m serverdi sizin` komp`yuterin`izge jaylastıradı. Bul baylanıstın` en` sıpatlı tu`ri bolıp, ju`da` qımbat bahalanadı.

Siz server ja`rdeminde basqa territoriyalıq komp`yuterlerdi Internetke baylanıstırıwın`ız mu`mkin. Ha`r bir komp`yuter Internettin` barlıq imkaniyatlarınan tolıq paydalanıwı mu`mkin.

**SLIP ha`m PPP arqalı baylanısıw.** A`piwayı telefon tarmaqlarda standart modem ja`rdeminde islewshi Internet programmalıq ta`miyinleniwinin` tu`ri. SLIP ha`m PPP de siz jumıs seansın tawısqannan son` liniyanı bosatasız ha`m basqa paydalanıwshılar islewi mu`mkin. SLIP ha`m PPP nın` utısı sonda, olar Internetke tuwrıdan-tuwrı kiriw imkaniyatın beredi.

SLIP bul a`piwayı telefon tarmag`ı ha`m modemnen paydalanatug`ın Internet protokollar.

PPP - bul SLIP ke uqsas ha`m onnan keyinirek shıqqan protokollar.

**«Shaqırıw» ja`rdeminde baylanısıw.** «Shaqırıw» boyınsha baylanısıw DIAL-UP ACCESS, DIAL-UP Internetke kiriwge imkaniyat beredi, logikalıq atama (login) ha`m komp`yuter paroli kiritilgeninde Internetke tuwrıdan-tuwrı kirip uzaqtan islewge imkan beredi. INTERNET penen baylanısıw dawamında onın` imkaniyatlarınan tolıq paydalanıw mu`mkin. Shaqırıw arqalı baylanısıwdı ornatıw ju`da` a`piwayı. Respublikamızda ko`birek usı baylanıstan paydalanadı.

**UUCP ja`rdeminde.** UNIX operatsion sisteması UUCP dep atalıwshı serverden paydalanadı ha`m mag`lıwmattı standart telefon liniyalar boyınsha uzatıw imkaniyatına iye. UUCP tek fayllardı bir sistemadan basqasına uzata aladı, INTERNET pochtası ha`m USENET penen islewge imkan beredi.

**Basqa tarmaqlar arqalı kiriw.** INTERNET ke baylanısqan tu`rli tarmaqlar onda tu`rli da`rejede jaylasadı. Sonın` ushın ayırım xızmetler (ma`selen, BITNET yamasa COMPUSERVE) tarmaq imkaniyatlarına iye. Olar arnawlı qurılmalarg`a iye bolıp, elektron pochta ha`m Internetke baylanısıw imkaniyatın bere aladı.

**Protokollar, paydalanıwshılar ha`m serverler.** INTERNET ke baylanıslı za`ru`r bolg`an bazı bir tu`sinikler keltiremiz.

**Protokol** - bul komp`yuterler arasındag`ı baylanıs ornatılıwında, mag`lıwmatlardı qabıl qılıw ha`m uzatıwda

paydalanılatug`ın kelisilgen signallar. Yag`nıy komp`yuterler protokollar ja`rdeminde bir-biri menen baylanısadı. Protokol tuwrı bolsa g`ana komp`yuterler arasında baylanıs ornatıladı.

Bul komp`yuterlerdin` baylanısıw ta`rtibi yamasa standartı.

**Server** - bul basqa komp`yuterler yamasa programmalarg`a xızmet ko`rsetetug`ın komp`yuter yamasa programmalar. Ma`selen, basqa komp`yuterlerge o`zinin` fayllarınan paydalanıwg`a ruxsat beriwshi komp`yuter Server bolıp esaplanadı. Bir komp`yuterde bir neshe server islewi mu`mkin. Ma`selen, G`TP, WWW, elektron pochta serverleri.

**Paydalanıwshı** - server resurslarınan ha`m xızmetlerinen paydalaınwshı komp`yuter yamasa programmalar. Server sıyaqlı bir komp`yuterde bir waqıtta bir neshe paydalanıwshı islewi (a`dette sonday boladı) mu`mkin. Ma`selen, komp`yuter fayl - serverdin` paydalanıwshısı bolıwı serverde jaylasqan fayllardı ko`riwi ha`m paydalanıwı mu`mkin, sonın` menen bir waqıtta elektron pochta programması menen islewi mu`mkin. Yag`nıy bir neshe serverdin` paydalanıwshısı bolıwı mu`mkin.

**Gipertekst ortalıg`ı.** Internette mag`lıwmatlar gipertekst ja`rdeminde bayan etiledi. Gipertekst bul tekstti giperko`rsetkish ja`rdeminde tu`sindiriw. Yag`nıy

teksttegi qandayda bir so`z yamasa atamanı sıpatlawda basqa tekst yamasa betlerden paydalanıladı. Sıpatlama tekstli, grafikli, audio yamasa video mag`lıwmat bolıwı mu`mkin.

URL (UNIG`ORM RESOURCE LOCATOR) INTERNET ke baylanısıwdın` en` a`piwayı ha`m qolay usılı bolıp, ol ma`nzildi anıqlaydı. URL adrestegi mag`lıwmattan qa`legen paydalanıwshı paydalanıwına boladı. Yag`nıy bul adrestegi mag`lıwmattan o`zin`iz, basqa bo`lmedegi yamasa ma`mlekettegi ka`siplesin`iz de paydalanıwı mu`mkin. Bul mag`lıwmat jaylasqan ma`nzildin` atı.

URL to`mendegi formatqa iye:

<baylanısıw sxeması>:<baylanısıw sxemasına baylanıslı mag`lıwmat>

<Baylanısıw sxeması> bul HTTP, G`TP ha`m GORHER ler.

Baylanıs sxeması to`mendegi mag`lıwmatlarg`a iye:

- Paydalanılıp atırg`an bet haqqında;
- Siz paydalanbaqshı bolg`an Resurs tu`ri haqqında (ma`selen, WWW bet, fayl, menyu yamasa GOPHER dokumenti);
- Resurslarg`a kiriw mexanizmi haqqında, ma`selen, WWW ko`riw programması arqalı, G`TP nın` faylların almastırıw programmaları yamasa

GOPHER sistemasının` paydalanıwshılar programması arqalı.

URL din` ekinshi bo`legi <baylanısıw sxemasına baylanıslı mag`lıwmat> to`mendegini anıqlaydı:

- Mag`lıwmatlar jaylasqan tarmaqtın` uzaqtag`ı komp`yuterin;
- Fayldın` uzaqtag`ı komp`yuter fayl sistemasındag`ı tolıq ko`rsetilgen ma`nzilin.

Bul sxemanın` ko`plep paydalanıwshılarg`a tanıs bolg`an basqa ko`rinisi to`mendegishe:

Baylanısıw sxeması: //mashina atı/domen atı/fayldın` tolıq atı

Baylanısıw sxeması atı Internet - komp`yuter adresi menen eki qıya sızıq penen shegaralanadı, ol bir qıya sızıq penen fayldın` tolıq atı menen ajıratıladı. Ko`pshilik jag`daylarda URL - HTTP, G`TP ha`m GOPHER ler ko`rsetilgen ko`rinisine iye.

URL di tolıq tu`siniw ushın real mısaldan paydalanamız. Mısal ushın to`mendegi adres penen tanısamız:

HTTP://WWW.CITY - NET.COM/~GAGRIMES/GAENL.HTML

Bul URL adresti to`mendegishe bo`limlerge ajıratıp ko`rip shıg`ayıq:

HTTP-resurslardan paydalanıwda gipertekst (HUPERTEHT TRNSG`ER PROTOCOL) protokolı isletilip atır.

WWW.CITY - NET.COM bul mag`lıwmatlar jaylasqan Internet adresinin` atı.

/~GAGRIMES/GAENL.HTML - ~ fayldın` komp`yuterdegi tolıq atı.

Ko`pshilik WWW - betlerdin` atalıwı usı sxemag`a sa`ykes keledi. Itibar bergen bolsan`ız bazı bir HTTP, G`TP yaki GOPHER tipindegi resurslarg`a baylanısqanda fayldın` tolıq atı bir qıya sızıq penen tamalanadı. Bul anıq faylg`a emes, belgilengen katalogqa o`tilgende, komp`yuter arnawlı katalog ha`m faylg`a sa`ykes standart indeksli fayldı beredi. HTTP nın` standart indeksli faylı a`dette INDEX.HTML (yamasa INDEX.HTM) dep ataladı. Sonın` menen birge ol ja`ne HOME.HTML, HOMEPAGE.HTML, WELCOME.HTML yamasa DEAULT.HTML dep atalıwı mu`mkin.

## INTERNET EXPLORER menen islew

INTERNET EXPLORER programması

belgisinde mısh` knopkasın eki ma`rte basın`.

Na`tiyjede ekranda programmanın` to`mendegi aynası payda boladı.




Ayna basında menyu qatarı jaylasadı. Programma menyui **Fayl, Pravka, Vid, Perexod, Izbrannoe** ha\`m **Spravka** komandalarınan turadı. Keyingi qatarda Instrumentler panelinin\` knopkaları jaylasqan. Internet penen islegende ko\`binese Instrumentler panelindegi knopkalardan paydalanıladı. Sonın\` ushın to\`mendegi instrumentler panelindegi knopkalar menen tanısamız.




Aldın\`g\`ı aynadag\`ı mag\`lıwmattı ekrang\`a qaytaradı.




Keyingi aynadag\`ı mag\`lıwmattı ekrang\`a shıg\`aradı.




Jumıstı toqtatadı.




Mag\`lıwmattı izlew xızmetin iske tu\`siredi




Kanallardı ekrang\`a shıg\`aradı.

Keyin adres qatarı jaylasqan. Ha`m keyin tiykarg`ı ayna mag`lıwmatlar aynası jaylasqan.

Internette qandayda bir mag`lıwmattı oqıw ushın Adres qatarına tanıspaqshı bolg`an saytın`ızdın` adresin kiritesiz. Ma`selen, adresler qatarına YAHOO adresin kiritip ko`rin`.

Na`tiyjede usı sayt izlenedi. To`mengi halatlar qatarında «Adres tabıldı. Juwaptı ku`tin`» degen mag`lıwmatlar payda boladı. Ekranda bar neshe minuttan son` sayt payda boladı. Kerekli mag`lıwmatların`ızdı tan`lap oqıwın`ız mu`mkin. Gipertekst astı sızılg`an boladı. Giperteksti oqıw ushın onda mısh` knopkasın bir ma`rte basın`. Kerekli mag`lıwmattı mısh` ja`rdeminde tan`lap oqıwın`ız mu`mkin.

Eger keyinge qaytpaqshı bolsan`ız 

knopkasın shertin`. Aldıg`a o`tiw ushın 

knop-kasın basın`. Internette islew sonday an`sat ha`m zawıqlı, Siz qanday etip Internet saytlarınan saytlarına o`tkenin`izdi ha`m waqıttın` o`tkenin sezbeysiz. Internet sizdi basqa bir a`lemge baslaydı. Bul bizge belgili Pu`tkil Du`n`ya Informatsiyalar A`lemi. Du`n`yanın` qa`legen tochkasındag`ı mag`lıwmat ekranın`ızda payda boladı.

Qandayda bir mag`lıwmat za`ru`r bolsa, onı ko`shirip alıwın`ız mu`mkin. Bunın` ushın Fayl, Kopirovanie menyularınan paydalanıwın`ız kerek. Mag`lıwmat

ko`shirilip atırg`anda faylda mag`lıwmat ko`shirilip atırg`anlıg`ı haqqında ayna payda boladı.

Sayttan ba`rhulla paydalansan`ız onı betke kiritip qoyıwın`ız mu`mkin. Bunın` ushın arnawlı knopkalardı basıw kerek.

**INTERNET EXPLORER programmasınan shıg`ıw.** Programmanın` jumısın toqtatıw ushın programma aynasındag`ı Zakrıt` knopkasın basıw jeterli.

**Internette informatsiyanı izlew.** Ha`zirgi waqıtta Internet millionlap komp`yuter ha`m ko`z aldın`a keltirip bolmaytug`ın esap sansız informatsiyanı o`z ishine alg`an, sonın` menen birge ha`r saatta komp`yuterler ha`m informatsiyalar sanı ko`beymekte. Ta`biyiy bul ten`izde adaspaw kerek. Bunın` ushın INTERNET te arnawlı izlewler menen shug`ıllanatug`ın serverler bar. Olar ko`p emes, biraq ha`mmege xızmet etedi. Olar u`lken yad ha`m tezlikke iye. Sonın` ushın bir waqıttın` o`zinde bir neshe sorawlarg`a juwap bere aladı. Ko`p jag`daylarda bir server bir neshe komp`yuterlerden (onlag`an) du`ziledi. Ha`r bir izlew serveri tarmaq saytları betleri boyınsha mag`lıwmatlar baasını payda etedi. Bazada informatsiyanın` turg`an ornı, qısqasha sıpatlama, annotatsiya ha`m basqalar jaylasadı. Baza millionlap saytlar tuwralı mag`lıwmatqa iye ha`m ol haqıyqattanda u`lken. Izlew serverlerinin` bazaları paydalanıwshılar haqqındag`ı mag`lıwmat penen de toltırılıp turadı. Bul

paydalanıwshı adresi, ashılg`an saytlar atı, paydalanılg`an izlew sistemaları atları.
















Xosh Sizge qandayda bir mag`lıwmat za`ru`r. Onı qanday etip tabıw mu`mkin? Mag`lıwmat jaylasqan sayt ma`nzilin bilsen`iz, bul mashqalan`ız bir waqıttın` o`zinde sheshiledi. Sayttın` tolıq ma`nzilin «Adres» maydanında kiritsen`iz, izlenip atırg`an mag`lıwmat ekranda payda boladı. Bul maydan instrumentler panelinen to`mende jaylasqan boladı. Ma`nzildi kiritip ENTER klavishasın basıw za`ru`r. Bir neshe minuttan son` soralg`an mag`lıwmat ekranda payda boladı.

Ma`selen, WWW.CNN.COM saytın ashıw kerek. Ol jag`dayda Adres maydanında usı attı jazasız ha`m ENTER di basasız. Na`tiyjede ekranda sayt payda boladı.

Ayirım jag`daylarda mag`lıwmattın` tabılmag`anlıg`ının` sebepleri keltiriledi. Ma`selen, adres tabılmag`anlıg`ı yamasa ha`zirshe og`an baylanısıw mu`mkin emesligi haqqında mag`lıwmat shıg`adı.

Sayt atı belgisiz bolsa she? Lekin Siz qanday mag`lıwmat za`ru`rligin - onın` temasın bilesiz. Ol jag`dayda Internettin` arnawlı izlew sistemasınan paydalanıw mu`mkin. WWW de bir neshe izlew sistemaları bar. Instrumentler panelindegi Poisk knopkasın basın`. Ekranda arnawlı izlew sisteması payda boladı.




Ol sizge mag`lıwmattı tabıw ushın tema atın arnawlı maydanda kiritiwin`izdi soraydı ha`m temanı server

bazasında izlenedi. Izlew na`tiyjesi ekranda payda boladı. Dizimnen kereklisin tan`lawın`ız mu`mkin.

Ma`selen, eger informatikag`a tiyisli mag`lıwmatlar za`ru`r bolsa, «informatika» so`zin izlew maydanına jazasız. Na`tiyje payda boladı. Tema anıq bolsa, juwap tez ha`m anıq boladı.

Ma`selen, informatika boyınsha konferentsiya materialları, ol jag`dayda juwap tezirek tabıladı.

Ja`ne bul usıl bul adresler maydanında kerekli temanı kiritiw mu`mkin.

Ja`ne bir usıl SIMPLE QUERY sorawı. SIMPLE QUERY so`zlerden ha`m atamalardan du`zilgen. Bunda temanı tabıw ushın so`zdi izlew jeterli. So`zden aldın «+» belgisi bolsa, bul izlenip atırg`an so`z usı hu`jjette bar ekenligin, «-» belgisi usı so`zdin` joq ekenligin bildiredi. Tabılıwı kerek bolg`an aytım tırnaqsha ishine alınadı. Eger soraw kishi ha`ripte berilse, na`tiyje kishi ha`m bas ha`ripli so`zlerdi u`z ishine aladı. Yag`nıy abc sorawı na`tiyjesi abc, Abc, ABC, biraq ABC sorawı abc nı tawıp bermeydi. Ma`selen, to`mendegi soraw

abc+ ABCD-mm+»bet»

abc, Abc, ABC (sog`an uqsas) ha`m ABCD so`zleri bolg`an, mm, MM (ha`m sog`an uqsas) so`zleri bolmag`an, ha`mme «bet» aytımı bolg`an barlıq saytlardı tabın`.

Yamasa izlew sistemalarınan paydalanıwın`ız mu`mkin. Ma`selen ju`da` qolay ha`m tanıqlı YAHOO sistemasınan paydalanıwın`ız mu`mkin. Bunın` ushın adresler maydanında WWW.YAHOO.COM ma`nzilin kiritip, ENTER di basıw kerek. Na`tiyjede ekranda dialog ayna payda boladı.

Soraw na`tiyjeleri dizim ko`rinisinde ha`m olardın` kishirek sıpatlaması boladı. Onda mag`lıwmatlar bo`limlerge, bo`limler bolsa bo`limshelerge bo`lingen boladı.




Ma`selen, jan`a kitaplar menen tanıspaqshı bolsan`ız kerekli qatarda mısh` knopkasın basıwın`ız jeterli. Ekranda kitaplar dizimi, qısqasha sıpatlaması menen keltiriledi.

Sayttın` ortasında bos jol jaylasqan bul SEARCH knopkası maydanı. Onda temanın` atın kiritip ha`m izlew

na`tiyjelerin alıw mu`mkin. To`meninde usı informatsiyalıq baza bo`limlerinin` atları keltiriledi.

Ma`selen, ARTS ARCHITECTURE ha`m PHOTOGRAPHY bo`linbelerde izlew beti tematik izlew sisteması YAHOO tu`sindirmelerinde sport, hawa-rayı ha`m tag`ı basqalar bar.

To`mende O`zbekstandag`ı izlew sistemaların keltiremiz.

**O`zbekstan izlew sistemaları**

ASSALOM INTERNET

Ma`nzili WWW. ASSALOM.UZ

O`zbekstandag`ı birinshi izlew sisteması. Resursların ko`beytiw imkaniyatları bar.

WELCOME TO UZBEKISTAN

Ma`nzili WWW. GOW.UZ

O`zbekstan Respublikası hu`kimeti Saytı. Ra`smiy informatsiya, Oliy majlis qararları haqqında xabar beredi.

UZBEKISTAN REG`ERENCE

BOOK.WWW.UZ

O`zbekstan Respublikası haqqındag`ı xabarlardı o`z ishine aladı.

## *Juwmaqlaw*

Ha`zirgi waqıtta Internet millionlap komp`yuter ha`m ko`z aldın`a keltirip bolmaytug`ın esap sansız informatsiyanı o`z ishine alg`an, sonın` menen birge ha`r saatta komp`yuterler ha`m informatsiyalar sanı ko`beymekte. Ta`biyiy bul ten`izde adaspaw kerek. Bunın` ushın INTERNET te arnawlı izlewler menen shug`ıllanatug`ın serverler bar. Olar ko`p emes, biraq ha`mmege xızmet etedi. Olar u`lken yad ha`m tezlikke iye. Sonın` ushın bir waqıttın` o`zinde bir neshe sorawlarg`a juwap bere aladı. Ko`p jag`daylarda bir server bir neshe komp`yuterlerden (onlag`an) du`ziledi. Ha`r bir izlew serveri tarmaq saytları betleri boyınsha mag`lıwmatlar baasını payda etedi. Bazada informatsiyanın` turg`an ornı, qısqasha sıpatlama, annotatsiya ha`m basqalar jaylasadı. Baza millionlap saytlar tuwralı mag`lıwmatqa iye ha`m ol haqıyqattanda u`lken. Izlew serverlerinin` bazaları paydalanıwshılar haqqındag`ı mag`lıwmat penen de toltırılıp turadı. Bul paydalanıwshı adresi, ashılg`an saytlar atı, paydalanılg`an izlew sistemaları atları.

Xosh Sizge qandayda bir mag`lıwmat za`ru`r. Onı qanday etip tabıw mu`mkin? Mag`lıwmat jaylasqan sayt ma`nzilin bilsen`iz, bul mashqalan`ız bir waqıttın` o`zinde sheshiledi.

## *Paydalang`an a`debiyatlar*


1. L.F.Ayupov, B.A.Begalov, Sh.T.Ermatov, L.T.Ibragimova, N.X.Shoaxmedova. SHaxsiy kompyuterlar va o'larda' samarali foydalanish asoslari, O'quv qullanma, TDIU, 2007, 490 bet
2. S.S.Gulomov va boshqalar. Informatika va axborot texnologiyalari: OO'Yu uchun darslik. – Toshkent.: 2010.
3. Informatika Kasb-xunar kollejlari uchun wkuv dasturi. //Mualliflar jamoasi: A.A. Abduqodirov, R.D. Aloev, R.R.Boqiev va boshqalar –T. 2000- yil.
4. Rahmanqulov S.I. IBM PC shaxsiy komp`yuterda ishlash – Toshkent , 1998-yil.


## *Internet saytlari*


1. http://www.gov.uz – O'zbekstan Respublikasi hu'kimet portali.
2. http://www.ziyonet.uz – O'zbekstan axborot-ta'lim tarmag'i portali
3. http://www.agro.uz – Awil ha'm suw xojalig'iwazirligi sayti